

# ASISTANS AK LWIL NAN ABCD


PWOGRAM NOU DIRE POU NOVANM 2021 - AVRIL 2022

## POU MÈT KAY & LOKATÈ

*Nou ka ede oumenm ak fanmi ou rete san danje epi cho nan kouvri jiska 600 dola nan bòdwo chofaj - lwil, gaz, elektrisite ou ak lòt bagay.*

- Si ou kalifye, nou ka peye jiska **600 dola** nan bòdwo gaz ou pandan sezon ivè sa a.
- Si ou **PA** abite nan lojman ki sibvansyone pa eta a oswa gouvènman federal, ou ka kalifye pou asistans non sèlman ak bòdwo chofaj, men tou ak lwaye si chofaj enkli ladan li.
- Tcheke tablo a pou wè si revni anyèl ou tonbe nan oswa anba nivo ki endike a.
- Si ou kalifye pou asistans ak lwil nan ABCD, nou ede peye bòdwo chofaj ou pou sezon ivè nan travay dirèkteman ak founisè yo, epi ou ka pwofite de anpil lòt sèvis ki totalman gratis.
- **ENPÒTAN:** Si ou te aplike pou Asistans ak Lwil nan dènye sezon ivè ki sot pase a, ou dwe retounen aplikasyon yo te voye ba ou pa lapòs la pou ka resevwa asistans ane sa a.

*Pwogram sa a ki finanse pa gouvènman federal sèvi rezidan ki gen revni ki kalifye, ki se granmoun aje ak andikape yo nan milye de kay chak ane.*



### GID POU ELIJIBILITE: ASISTANS AK LWIL

GWOSÈ FWAYE A	REVNI ANYÈL TOTAL BRIT
1	\$40,951
2	\$53,551
3	\$66,151
4	\$78,751
5	\$91,351
6	\$103,951
7	\$106,314
8	\$108,676
Plis pase 8	Wè anplwaye Asistans ak Lwil nan ABCD

### APLIKE JODI A

- **Rezidan Boston, Brookline, ak Newton**  
ka kontakte Anplwaye Asistans ak Lwil nan ABCD nan:  
178 Tremont Street, Boston MA.  
Rele nou nan 617.357.6012  
Moun Ki Gen Pwoblèm Tande (TTY): 617.423.9215
- **Rezidan Everett, Malden, Medford, Melrose, Stoneham, Winchester, ak Woburn**  
ka kontakte Anplwaye Asistans ak Lwil nan ABCD nan:  
18 Dartmouth Street, Malden MA.  
Rele nou nan 781.322.6284  
**Oswa pran yon randevou nan sit ABCD ki pi pre w la**

(ki nan do paj la) →

